



Miami-Dade Housing Agency

Yon Bilten pou Rezidan yo ki nan Lojman Piblik

Me 2011

MESAJ DIREKTÈ EGZEKITIF LOJMAN PIBLIK



Antan Direktè Egzekitif Ajans Lojman Piblik Konte Miami-Dade (MDPHA) depi 2009, mwen te vizite devlopman lojman piblik nou yo epi mwen te pale ak rezidan yo. Mwen felisite ou pou dedikasyon ou nan kominote w yo. Pami priorite MDPHA yo se pou bay rezidan yo pi bon sèvis. Se konsa, nou etabli yon Inite Sèvis Rezidan (RSU) ki responsab aktivite konsyantizasyon andedan devlopman nou epi travay avèk konsèy rezidan yo pou kowòdone aktivite espesyal yo. Pou lye dè sèvis sosyal enpòtan ki benefisye rezidan yo se yon priorite epi patisipasyon ou enpòtan. Nou kontan tandè opinyon ou sou kouman pou fè kominote nou yo pi bon posib kòm yon kote pou viv, travay, ak jwe. Mwen ankouraje ou tou pou familiarize w ak Règleman sou Admisyon ak Okipasyon Kontinyèl (ACOP) la ki dekri règleman MDPHA a pou rezidan lojman piblik yo. ACOP la disponib nan www.miamidade.gov/housing. Se va yon plezi pou mwen travay ansanm avèk ou ... Ak tout respè,

Ajans Lojman Piblik Konte Miami-Dade Òganize Kan Baskètòl

Ajans Lojman Piblik Miami-Dade te òganize premye kan baskètòl "Boozer Buddies Basketball Camp 2010" pou jèn gason ak jèn fi, laj 7-17 an, ki abite nan kay pwogram lojman piblik ajans la. Pliske 600 patisipan te benefisye de yon kan entansif ki dire tout yon semèn, ki bay timoun yo opòtinite pou amelyore ladrès baskètòl yo, devlope espri dekip yo ak aprann leson lavi nan yon anviwònman ki san danje ak jwenn ankourajman dè gwo antrenè pwofesyonèl, ansyen jwè ak jwè aktyèl NBA ak kolèj. Kan "Boozer Buddies Basketball Camp 2010" la te konplètman gratis pou rezidan lojman piblik yo.

Pandan tout jounen an, timoun kan yo te jwe ansanm epi a fine ladrès baskètòl yo nan fè egzèsis sou teren baskèt la.




Seremoni final la te ranpli ak twofè, mayo, tenis gwo mak ak koup cheve gratis. Gen pliske 4,500 jèn nan pwogram lojman piblik MDPHA a, epi 600 jèn yo ki patisipe nan kan dete baskètòl la te kite ak yon memwa pozitif ki chanje lavi yo.

Ajans la gen entansyon repete pwogram kan dete li-a an ete 2011.

Jèn Rezidan yo: Finalists Nasyonal Konkou Pannkat

MDPHA felisite Finalists Nasyonal yo nan konkou Pannkat NAHRO "Kisa Lakay Siyifi pou Mwen" an. Gayan Konkou yo se: **Dyamond Davis**, 3yèm Gred - Perrine Gardens; **Letysha Mendez**, 6yèm Gred - Seksyon 8; **Marc Anthony Mendez**, 5yèm Gred - Seksyon 8; **Gary Millings**, 10yèm Gred - Perrine Gardens. **Dat limit soumasyon pou konkou pannkat 2012 "Kisa Lakay Siyifi pou Mwen" an se 20 Jen 2011. Vini wè pannkat ki soumèt yo epi vote pou sa w pi renmen an nan Reyinyon Trimestriyèl Inite Sèvis Rezidansyèl 24 jen 2011 la. Ale sou www.miamidade.gov/housing pou jwenn enfòmasyon sou regleman konkou a.**



Koleksyon Jwèt Sezon Fèt 2010



Ajans Lojman Piblik Miami-Dade (MDPHA) ta renmen remèsye tout moun ki te patisipe nan Koleksyon Jwèt pou fè sezon fèt la, yon tan espesyal pou anpil timoun ki nan lojman piblik yo.

Gras a jenewozite *Cops for Kids, Inc*, Maria Campos, rezidan devlopman Robert King High yo, ak anplwaye MDPHA yo, nou te ka bay jwèt a apeprè 530 timoun/132 fanmi ensike dè timoun ki nan katye vwajinaj yo. Nou gen yon patnè ekselan nan Depatman Lapolis Miami-Dade epi nap kontan travay ansanm ak yo nan lavni. MDPHA te atenn ak depase de (2) objektif kanpay jwèt la: ede fanmi yo pandan fèt la, epi kreye angajman pozitif ant timoun yo ak ajan polis yo. Nou pa tap ka rive fè sa san ed ou. Mèsi ankò pou tout souri sa yo ke ou te kreye pandan sezon fèt la.

Inite Sèvis Rezidan

Inite Sèvis Rezidan an ap travay sou Inisyativ nan Rediksyon Krim ki se yon apwòch inovatif rediksyon krim ak kominote otonòm ki enplike yon efò kowòdone pa fòsdelòd lokal yo, founisè sèvis sosyal yo, ak Ajans Lojman Piblik Miami-Dade. Objektif inisyativ la se diminye krim nan pwopriyete MDPHA epi bay solisyon alontèm pou ranfòse relasyon pozitif ant rezidan yo, administrasyon an, lapolis, ak kominote an.

An me 2011, Citizen's Crime Watch nan Konte Miami-Dade, ansanm ak Inite Sèvis Rezidan an ak divès Depatman Polis pral vizite sit lojman piblik yo nan yon efò pou ankouraje patisipasyon rezidan yo nan etabli gwoup prevansyon krim. Rezidan yo pral aprann teknik prevansyon krim ak etabli yon relasyon travay ak divès depatman lapolis. Pou plis enfòmasyon, tanpri vizite www.citizenscrimewatch.com

Mizajou Hope VI

Konte Miami-Dade, atravè Ajans Lojman Piblik li a, aktyèlman ap devlope Faz II nan Plan Revitalizasyon HOPE VI la anba yon Akò Devlopman Jeneral (MDA) ki te egzekite, 31 desanm 2009 ak McCormack Baron Salazar, Inc. ansanm ak Reliance Housing Foundation kòm ko-devlopè. Faz II a konsiste de 354 inite kay lokasyon, nan ki 177 se inite lojman piblik, inite 107 inite kredi taks ak 70 inite to mache. Ansyen rezidan Scott/Carver yo ki gen bon dosye epi ki te pèdi kay yo akòz inisyativ HOPE VI la, ap gen premye dwa refize pou anfème nouvo 177 inite kay lojman piblik yo.

Ansyen rezidan Scott-Carver yo ak lòt moun ki gen enterè nan kominote yo te patisipe nan tout aspè nan inisyativ revitalizasyon HOPE VI la. Nan Faz II a, rezidan Scott/Carver yo te patisipe nan

konsepsyon inisyal plan travo yo, epi yo kontinye ap patisipe nan komite a, nan divès kalite sou-komite ki adrese divès aspè pwojè a an jeneral. Yo te pataje enfòmasyon tou ak rezidan yo pa lapòs, ak nan Reyinyon Kominotè Mansyèl yo, kote yo ankouraje rezidan yo kontinye patisipe nan aktivite HOPE VI yo ak patisipe nan sèvis jesyon dosye yo, pou adrese nenpòt pwoblèm ki ka afekte kapasite yo pou retounen nan kominote revitalize a.

Yo te ankouraje rezidan yo tou pou kontakte anplwaye Sèvis Kominotè ak Sipò MDPHA (CSS) yo ak nenpòt kesyon oswa enkyetid yo genyen swa nan Sant Kominote Merline Matthews la, 5200 NW 22 Avenue, oswa pa telefòn pou pran randevou nan 305-633-2093. Rezidan yo kapab kominike tou pa imel nan HOPE6CSS@miamidade.gov

Sèvis Konte yo entegral nan lavi anpil moun nan kominote nou an. Pa gen yon jou ki pase ke tout nan nou pa benefisye yon fason kèlkonk de anpil sèvis sila yo ke Konte a ofri Lè nou ouvè tiyo nou, gen dlo. Lè nou ap kondwi sou wout nou yo, nou konte sou siy ak siyal trafik yo pou fè depلاسman san danje. Lè nou mete fatra sou twotwa yo, nou pa jwenn yo lè nou retounen lakay nou. Epi pou moun ki nan nesite yo nan kominote nou an, sèvis Konte yo gen plis enpòtans ankò. Depi sèvis transpò pou moun andikape rive sou kantin pou granmoun aje yo, sèvis yo resevwa nan men Konte Miami-Dade yo se esansyèl. Tankou anpil bagay nan lavi a, nou gen tandans bliye enpòtans bagay sa yo. Aprann plis sou kòman Konte a ap sèvi kominote nou an chak jou, epi pran tan pou di lòt moun. <http://www.miamidade.gov/wearemiamidade/>

KWEN RESOUS YO:

Èske w se yon rezidan MDPHA?

Èske ou bezwen yon travay? Ou ta renmen yo kontakte w pou opòtinite pou travay? Si ou repòn WI nan kesyon ki anwo yo, Inite Sèvis Rezidan MDPHA (RSU) kapab refere ou resous ou bezwen pou travay. Vizite Biwo Manadjè Site ou a pou ranpli Seksyon 3 nan Fòm Admisyon RSU a jodi a.

Pwogram Fanmi Otosifizans

786-469-4141

Depatman Sèvis Konsomatè

305-375-3677

Biwo CSS HOPE VI

786-469-4121

Liy Telefòn Rediksyon Krim

305-638-6308

Komisyon Sèvis Piblik nan Florida

1-800-342-3552

Inite Sèvis Rezidan

786-469-4107

South Florida Workforce

305-594-7615